

BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana pedaran hasil analisis unsur sémiotik jeung ajén étnopédagogik anu nyangkaruk dina rumpaka sawér pangantén di désa Manonjaya Kecamatan Manonjaya bisa dicindekkeun yén unsur sémiotik anu kapaluruh nya éta 5 kode hermeneutik, 14 kode proairetik, 22 kode semantik, 12 kode simbolik, jeung 1 kode budaya.

Dina rumpaka sawér pangantén di Désa Manonjaya kapanggih tujuh ajén étnopédagogik luyu jeung ulikan tiori. Tujuh ajén étnopédagogik anu kapanggih nya éta: 1) 16 anu kaasup kana ajén silih asih, 2) 4 anu kaasup kana ajén silih asah, 3) 17 anu kaasup kana ajén silih asuh, 4) 21 anu kaasup kana ajén pengkuh kana agama, 5) 38 anu kaasup kana ajén luhung élmu, 6) 16 anu kaasup kana ajén kawijaksanaan, 7) 4 anu kaasup kana ajén rancagé gawé.

Rumpaka sawér pangantén di désa Manonjaya Kecamatan Manonjaya luyu pikeun dijadikeun bahan pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP Kelas VIII. Hal éta dumasar kana segi basa, aspék psikologi, jeung kasang tukang budaya siswa kelas VIII.

5.2 Implikasi

Rumpaka sawér nya éta salah sahiji buah pamikiran masarakat Sunda anu kagolong kana karya sastra sunda buhun. Karya sastra anu wujudna rumpaka sawér jadi salah sahiji kabeungharan urang Sunda. Jaman kiwari, karya sastra buhun geus teu dipikawanoh ku barudak taman siswa, balukarna loba pisan kasalahan dina ngagunakeun basa Sunda luyu jeung aturana.

Lian ti éta, kahirupan rumah tangga jaman ayeuna condong kana kahirupan anu sipatna *konsumtif*, jauh pisan tina papatah anu aya dina rumpaka sawér sangkan bisa hirup prihatin atawa basajan. Dumasar kana hal éta jadi kawajiban urang saréréa pikeun ngamumulé rumpaka sawér pikeun dialap mangpaatna dina ngambah hirup sapopoé utamana dina ngigelan jaman anu beuki modérn ti waktu ka waktu.

5.3 Saran

Tina hasil panalungtikan, aya saran nu dirékoméndasikeun ka pihak-pihak nu tangtu, nya éta: 1) Lembaga Pendidikan, 2) ka masarakat, 3) pikeun Lembaga Panalungtikan.

Lembaga Pendidikan, dipiharep ieu hasil panalungtikan bisa digunakeun salaku alternatif bahan ajar, salaku bahan babandingan pikeun ngeuyeuban bahan pangajaran basa Sunda di sakola, utamana dina pangajaran ngeunaan puisi sawér. Rumpaka sawér mangrupa hasil karya anu asalna ti masarakat. Ku kituna dipiharep masarakat bisa milu ngamumulé ieu kabudayaan sangkan teu leungit. Kanggo Lembaga panalungtikan, ieu panalungtikan téh héngkér kénéh, jauh ti sampurna. Ku kituna, perlu aya panalungtikan satuluyna anu leuwih jero ngeunaan rumpaka sawér pangantén.